*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№72 (26285)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 22 апрель — хуымгæнæны мæйы 22 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АУДЫНАД
***Ветерантæн – æххуыс***

3 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"–МÆ
***Куыстыл æмæ цардыл – æнувыд***

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
***Футбол***

**Æмархайды нысантæ**

# Сергей Кириенкойы балц – Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонмæ

**Ивгъуыд къуырийы кæрон Уæрæсейы Президенты Администрацийы Разамонæджы фыццаг хæдивæг Сергей КИРИЕНКО кусæг балцы уыд Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны. Кремлы минæварæн уыд, дарддæры æмархайд æмæ лыгæнинаг фарстатыл иумæйаг хъарутæй бакусыныл бæстон ныхас кæм цыд, ахæм фембæлдтытæ дыууæ республикæйы разамонджытимæ...**






Ирыстонмæ йæ балцы райдайæны Сергей Кириенко бабæрæг кодта мемориалон комплекс «Зæдты горæт» æмæ ссардта, Беслæны фыццæгæм скъолайы арæзт террористон фыдракæнды чи бабын, уыцы адæм æмæ, амынæтты ирвæзын кæнгæйæ, чи фæмард, спецназы уыцы службæгæнджыты рухс нæмттæ.

Фæстæдæр Президенты Администрацийы бæрнон кусæг æмæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** базонгæ сты цæстдарæн-уадзæн пункт «Дæллаг Зæрæмæг»-ы куыстимæ. Уæрæсейы паддзахадон арæнил цы ахсджиаг инфраструктурон тæлм æрбынæттон, уый сæйраг цæг у дыууæ бæстæйы транспортон бастдзинады, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны æнгомдзинады вазыгджындæр «дадзин».

Таможня æмæ Арæнхъахъхъæнæг службæты, æндæр федералон æмæ регионалон ведомствæты минæвæрттæ кæм архайдтой, уыцы æмбырды архайджытæ æрдзырдтой уадзæн пункты куыст зынгæ фæнывылдæр кæныны фарстатыл, цæмæй бæлццон адæм, паддзахадон арæнил цæугæйæ, къаддæр рæстæг хардз кæной. Уыимæ, уыцы нысан къуыхы хъуамæ бафта хæстæгдæр рæстæг.

Æмбырды фæстæ Сергей Кириенко журналисттæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй Президент **Владимир Путины** уынаффæйæ уадзæн пункт «Дæллаг Зæрæмæг»-ы бындурон рацарæзтæн дихгонд æрцæудзысты зынгæ фæрæзтæ. «Уадзæн пункты модернизацийы проект цæттæ уыдзæн афæдзы кæронмæ, 2028 азы та хъуамæ байгом уа, йæ хъару зынгæ фылдæр кæмæн уыдзæн, ахæм нырыккон цæстдарæн-уадзæн тæлм. Кæй адæмы удæнцойæн, уæзæгтæ æмæ бæлццæтты ласæн транспорты цыдæн уадзæн пункты уа зæрдæзæгъгæ фадæттæ», – бафиппайдта Президенты Администрацийы минæвар.

Уырдыгæй Сергей Кириенко æмæ делегацийы иннæ уæнгтæ сæ фæндаг акодтой Хуссар Ирыстонмæ.

Уæрæсейаг уазджытæн Цхинвалы цы фембæлдтытæ сарæзтой, уыдонæй иу уыд Хицауады хæдзары республикæйы Президент **Гаглойты Аланимæ**. Ныхасы архайджытæ æркастысты Уæрæсе æмæ Хуссар Ирыстоны 'хсæн æмгуыстад æнгомдæр кæныны фарстатæм. Сæрмагонд æргом аздæхтæуыд Инвестицион программæйы уагæвæрдтæ æмæ æндæр иумæйаг проекттæ æххæст кæнынмæ.

Тагъд рæстæг Цхинвалы зæгъын æй хъæуы, рацарæзты æртæ азы иу бон не сты. Ахæм уавæрты фарста æвæрд цæуы, цæмæй цалцæджы куыстыты фæтк афтæ дæсны арæзт æрцæуа, æмæ «Дæллаг Зæрæмæг»-ы архайд ма фæкъуыхцы уа. Бацархайын хъæуы, цæмæй фæндаггон байгом уыдзæн уæрæсейаг «Промсвязьбанк»-ы хайад. Уый фæрцы зынгæ фæнывылдæр уыдзæн республикæйы финансон къабазы архайд. Фыццаджы-фыццагдæр та, амынд банчы дæлхайад байгом кæныны уынаффæ уыдзæн хуссарирыстойнаг пенсиисджыты удæнцойæн. «Зындгонд куыд у, афтæмæй, Уæрæсейы граждайнад кæмæ ис æмæ Хуссар Ирыстоны чи цæры, уыцы адæмæн сæ пенситæ 1 майæ фæстæмæ æрвыст цæудзысты банчы картæ «Мир»-мæ. Афтæмæй, ныр уыцы адæмы Дзæуджыхъæумæ цæуын нал бахъæудзæн, банчы картæтæ райсыны фадат сын фæзындзæн «Промсвязьбанк»-ы цхинвайлаг хайады», – радзырдтой Хуссар Ирыстоны Хицауады. Уæрæсейаг делегацийы уæнгтæ бабæрæг кодтой, «Промсвязьбанк» кæм æрбынæттон уыдзæн, уыцы бæстыхай æмæ фысымтимæ æрдзырдтой банчы дæлхайад байгом кæнынмæ цæттæгæнæн мадзæлттыл.

Кусæг фембæлдтытæй уæлдай, фысымтæ æмæ уазджытæ дидинджытæ сæвæрдтой Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты, Уæрæсейаг сабырдзинадтауджытæ æмæ æндæр цыртдзæвæнтыл. Фæстæдæр Сергей Кириенко æмæ Гаглойты Алан уыдысты Куадзæны бæрæгбоны кадæн ракуывды цхинвайлаг аргъуаны.

Хуссар Ирыстоны цæрджытæн Куадзæны арфæтæ ракæнгæйæ, Сергей Кириенко фехъусын кодта Владимир Путины иннæ ахсджиаг уынаффæ дæр. «Æрбахæццæ кæны нæ уарзондæр æмæ ахсджиагдæр бæрæгбæттæй иу – Уæлахизы бон. Ацы хатт мах бæрæг кæндзыстæм не Стыр Уæлахизы 80 азы. Уыцы табуйаг бæрæгбон зæрдыл даргæйæ æмæ, Хуссар Ирыстоны адæм Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæлахизмæ цы стыр бавæрæн бахастой, уымæн кад кæнгæйæ, Президент Путин йæ фестауæрцы фондæй республикæйы алкæцы хъæу æмæ скъолайæн дæр радих кодта фæйнæ 1 милуан сомы. Уыцы фæрæзты фæрцы базилæн уыдзæн хæстон мемориалтæм, музейты экспозицитæм, бакæнæн уыдзæн æндæр хъæугæ куыстытæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты Хуссар Ирыстоны цæрджытæ цы æгæрон хъæбатырдзинад æмæ Райгуырæн бæстæйыл æнувыддзинад равдыстой, уымæн рохгæнæн нæй», – загъта Сергей Кириенко.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Хицауадæй**

# 26 апрелы – иууылдæр Æппæтуæрæсеон зиумæ

**Уыд РЦИ-Аланийы Хицауады æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Амыдта йæ республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Ныхас цыд республикæйы социалон-экономикон уавæр æмæ царды æндæр ахсджиаг фарстатыл. Архайдтой дзы республикæйы Хицауады уæнгтæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ, министрадтæ æмæ иннæ ведомствæты разамонджытæ.**

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ раныхасы фехъусын кодта:

– Республикæйы дарддæр æххæстгонд цæуы æнæнхъæлæджы уавæрты фæтк. Арвыкомы фæндаг гом у транспорты æппæт хуызтæн дæр. Хæхты 2000 метрæй уæлдæр тæссаг у зæйтæ рацæуынæй. Цæгат Ирыстоны ивгъуыд къуырийы дæргъы æрцыд 18 зынгсирвæзты. Иу адæймаг дзы хъыгдард баййæфта, æмæ йæ рынчындонмæ аластой. Республикæйы фæндæгтыл æрцыд 66 фæндаггон фыдбылызы, 16 адæймаджы дзы хъыгдард бавзæрстой, æмæ сæ æвæстиатæй рынчындæттыл сæмбæлын кодтой. Цæгат Ирыстоны фæндæгтыл лæууы 1820 уæзласæн машинæйы, уыдонæй 703 – сæрмагонд бынæтты.



РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Куадзæны бæрæгбонимæ баст мадзæлттæ ацыдысты, куыд æмбæлы, афтæ. Уыцы бонты закъонхалæг цæутæ бæрæггонд не 'рцыд. 14 апрелæй 20 апрелмæ нæ республикæйы æрцыд 171 фыдракæнды, раргом дзы кодтой 98. Терроризмы тыххæй сбæрæг кодтой цыппар хъусынгæнинаджы, фæлæ мæнг разындысты.

Æрæфы районы дарддæр агурынц, февралы мæйы Бетъырбухæй æрцæуæг цы дыууæ туристы фесæфтысты, уыдоны. Цалынмæ их æртайа, уæдмæ зын ссарæн кæй сты, уый тыххæй фехъусын кодта Æнæнхъæлæджы цауты министрад.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Таматы Майрæн** фехъусын кодта, уæлдæфы температурæ боныгон кæй схызт 20 градусмæ, æхсæвы та – 8-10 градусмæ. Уымæ гæсгæ хъармгæнæн афонæн йæ кæрон æрцыд. Дарддæр министрад кусдзæн ног хъармгæнæн рæстæгмæ цæттæдзинадыл.

Дзанайты Барис æппæт ведомствæтæ æмæ муниципалитетты разамонджытæн дæр бахæс кодта республикæйы сыгъдæгдзинадмæ фылдæр æргом аздахын.

– 26 апрелы уыдзæн Æппæтуæрæсеон зиу. Æрхæццæ кæнынц майы бæрæгбæттæ, уæлдайдæр та – Стыр Уæлахизы бон. Хъуамæ алы ведомствæтæ, куыстуæттæ æмæ æндæр организацитæ дæр рацæуой æмæ сæ алыварс бафснайой, – фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

Нæ республикæйы «Роспотребнадзор»-ы хайады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, эпидемиологон уавæр у нывыл. Ныр æртыккаг къуыри коронавирусæй рынчынтæ бæрæггонд не 'рцыд. ОРВИ-йæ рынчынты нымæц фæкъаддæр.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, республикæйы скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты эпидемион уавæр у нывыл, иууылдæр сты гом æмæ кусынц æрвылбоны фæткмæ гæсгæ.

– Райсом нæ республикæйы аст муниципалитеты байгом уыдзæн конкурс «Педагог года РСО-Алания»-йы регионалон къæпхæн. Фæнды мæ районты бынæттон администрациты разамонджытæн арфæ ракæнын, ацы мадзал бацæттæ кæныны хъуыддаджы зæрдиаг архайд кæй бакодтой æмæ бæрнондзинад кæй



равдыстой, уый тыххæй. Уый хуымæтæджы ерыс нæу, фæлæ у хорз фадат, алы бон рæзгæ фæлтæры бæллиццаг фидæны тыххæй хъазуатонæй чи фæллой кæны, уыцы ахуыргæнджыты сбæрæг кæнынæн, – загъта министр.

Æмбырды ма ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æртын фарæстæм æмбырд уыдзæн 2025 азы 24 апрелы 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2025 азы 24 апрелы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



## Дзырды фарн

*Дуне куыд рагон у,*
*афтæ рагон у «пайда» дæр.*

***КОЦОЙТЫ** Арсен*

Аудынад

# Ветерантæн – æххуыс

**Цæгат Ирыстоны цæрæг адæм сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæн дарддæр æххуыс кæнынц.**



Фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы регионалон хайады кусджытæ хæсты фæсахъатуæвæг адæймæгтæн сæ домæнтæм гæсгæ сын цæрæнуат рацаразыны хъуыддаджы æххуыс кæнынц. Цæрæнуат райсыны фæдыл курдиат æппæтæй раздæр чи барвыста, уыдонæй иу уыд сæрмагонд æфсæддон операцийы ветеран **Валерий Васильев**. Бæстæйы Паддзахадон Думæйы депутат Таймазты Артуры æххуысæй, рацарæзты программæмæ гæсгæ, ифтонггæрзтæ райсыны куыст фæрæвдз.

Валерий ногæй хæдтулгæ скъæрынхъом кæй уыдзæн, æрæджы дæр ма йæ уый нæ уырныдта. Бадын куыд хъæуы, уæззау цæфы фæстæ, ууыл Валерийы ногæй ахуыр кодтой. Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветераны ныхасмæ гæсгæ, ног цардыл сахуыр уæвын райдайæны зын уыд.



– Цы мыл æрцыд, уæззау цæф фæуæвыны хæдфæстæ, уый нæма æмбæрстон. Кæй фæсахъат дæн, фæстæдæр уый рахатыдтæн. Райдайæны афæдзы æрдæджы дæргъы мæ бон сынтæгæй коляскæмæ рахизын дæр нæ уыд. Фыццаг хатт коляскæйы куы æрбадтæн, уæд дæс секунды фæстæ бауадзыг дæн æмæ ахаудтæн. Къæпхæнгай сынтæджы æмæ коляскæйыл бадын сахуыр дæн. Ныртæккæ мæ бон у алыхуызон спортивон фæлтæрæнтæ дæр кæнын, – зæгъы Валерий.

Нæлгоймаг ногæй кусынхъом цæмæй суа, уый тыххæй йын стыр æххуыс бакодта йæ узæлæг цардæмбал. Медиктæ-иу Валерийы кæм дзæбæх кодтой, йæ цардæмбал-иу ахæм горæттæм æрбацыд, фысимуæтты-иу цард æмæ æппæт гæнæнтæй йæ мойæн æххуыс кодта.

Æрæджы Валерийы бахастой сæрмагонд æфсæддон операцийы фæсахъатуæвæг архайджытæн цæрæнуæтты рацарæзты программæмæ. Фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы хайад нæлгоймагæн ратта удæнцой стъол æмæ сæрмагонд колонкæ. Ацы дзаумæтты фæрцы сахъат адæймаджы цард иуцасдæр фенцон.

– Зынтæй чи цæуы, æвзæр чи уыны æмæ хорз чи нæ хъусы, цæрæнуæтты рацарæзты программæ сарæзтой сæрмагонд æфсæддон операцийы уыцы ветерантæн. Сæрмагонд æфсæддон операцийы фæсахъатуæвæг архайджытæ нæм цæрæнуæтты рацарæзтæн æрбарвыстой фараст курдиаты. Адонæй авд курдиаты баххæст кодтам, – зæгъы амынд хайады разамонæджы хæдивæг **Гецаты Маринæ**.

– Ныртæккæ кусын Дзæуджыхъæуы администрацийы. Ам кусынæн мын æппæт æмбæлгæ уавæртæ сарæзтой. Иннæты хуызæн райсомæй изæрмæ куысты вæййын. Куысты хæстæ æххæст кæнгæйæ, компьютерæй алыхуызон документтæ саразын. Æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ адæмæн горæты администрацийы ис удæнцой уавæртæ, – зæгъы Валерий.

Ныридæгæн Дзæуджыхъæуы администрациимæ, республикæйы Донæфсисады куыстуат, стæй Фæллой æмæ социалон рæзты, Ахуырад æмæ наукæйы министрадтимæ бадзырд сфидаргæнæг фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы регионалон хайад Васильевæн куыст раттынæн баххуыс кодта.

Дзыллæтæн ногæй пайда кæныны фадат кæй фæрцы ис, сæрмагонд æфсæддон операцийы алы архайæгæн дæр ног куыст нымад у ахæм ног цардмæ къахдзæфыл.

**БЕДОЙТЫ Кристинæ, Вадим ГАНЖА**

Барадон фæтк

# Хостæ æмæ медицинон фæрæзты æнæбындур æргъытæ...

**Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управлени æмæ РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады оперативон кусджытæ рабæрæг кодтой республикон министрадтæй иуы бæрнон кусæджы цæстфæливæн митæ.**

**Иумæйаг сгарæн мадзæлттæ саразгæйæ, æдасдзинады службæ æмæ пъæлицæйы минæвæрттæ кæрон сæвæрдтой Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады контрактон службæйы разамонæджы æнæзакъон архайдæн.**

**Оперативон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2022 азæй 2024 азмæ гуырысхойаг сылгоймаг, хостæ æмæ медицинон фæрæзтæ æлхæныны фæдыл бадзырдтæ аразгæйæ, æлхæнинаг товарты æргъты бæрцыл æнæзакъонæй уæлæфтуантæ кодта. Ахæм архайды фæрцы паддзахадон бюджетæн рачындæуыд 20 милуан сомы аргъ зиантæ.**

**Ацы цауты фæдыл УФ-йы Уголовон кодексы 286-æм статьяйы 3-æм хайы («Куысты æххæстбарты сæрты ахизын») быдурыл слестгæнджытæ гуырысхойаджы нымæ сарæзтой 8 уголовон хъуыддаджы.**

**УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управлени**

Энергетикæ

# Фæлхасгæнджытимæ кусынц

**Хæсы тыххæй электрон тыхы ифтонгадæй кæй фæцух кæндзысты, уыцы фæлхасгæнджыты номхыгъдтæм хаст юридикон иуæгты 98 проценты хæс цæмæй бафидой, ацы азы фыццæгæм кварталы акционерон æхсæнад «Россети Цæгат Кавказ»-ы хайад «Цæгкавказэнерго» ууыл бацархайдта.**



Энергокомпанийæ 740 милуан сомы бæрц хæс чи дардта, афæдзы райдайæнæй нырмæ 11492 уыцы кусæндоны райстой æрæджы сæ электрон тыхы ифтонгадæй фæцух кæныны тыххæй хъусынгæнинæгтæ. Электрон тыхæй фæцух кæныны размæ 11248 абоненты, æмткæй райсгæйæ, 651,4 милуан сомы бæрц хæс æххæстæй бафыстой.

Энергокомпанийы хъусынгæнинаг чи ницæмæ æрдардта, уыцы 42 фæлхасгæнæджы электрон тыхы ифтонгадæй цухгонд æрцыдысты, иннæ хæсдарджытæ та бамбырд сæм уæвæг хæс цалынмæ æххæстæй нæ бафидой, уæдмæ семæ кусдзысты энергетиктæ.

– Инвестицион æмæ цалцæггæнæн программæтæ чи æххæст кæны, уыцы электрон тыхуадзæг æмæ йæ æрвитæг куыстуæттæ егъау фæлхасгæнджыты хæсы аххосæй æхцайы фæрæзты кадавар бавзарынц. Уæвæн ис, æмæ ацы уавæры аххосæй электрон тых æппæт фæлхасгæнджытæм (уыимæ – адæм æмæ социалон уагæй ахадгæ объекттæ) къуылымпытимæ цæудзæн. Бамбырдуæвæг хæсы бæрц фæкъаддæр кæнынмæ арæзт чи у, хæсдарæг куыстуæтты ‘рдæм ахæм карз, фæлæ закъонон мадзæлттæй спайда кæнын бахъæуы, – зæгъы «Цæгкавказэнерго»-йы директоры хæстæ æххæстгæнæг **Таболты Алыксандр**.

**«Россети Цæгат Кавказ»-ы пресс-службæ**

Ахуырад

# Гом дуæртты бон

**Мин астсæдæ цæгатирыстойнаг скъоладзауæй фылдæр архайдтой нæ республикæйы колледжтæ æмæ техникумты арæзт гом дуæртты боны.**

Скъоладзаутæн сæ ныййарджытимæ иумæ уыд регионы астæуккаг профессион ахуырады кусæндæттæ бабæрæг кæныны фадат. Алы ахуыргæнæндон дæр амынд бонмæ бацæттæ кодта сæрмагонд программæ. Скъоладзаутæн равдыстой лабораторитæ, стæй сын сарæзтой алыхуызон дæсныйæдты куыстæвдисæг мастер-класстæ.



Техникумтæ æмæ колледжты минæвæрттæ ахуырдзауты æмæ сæ ныййарджыты фарстытæн дзуаппытæ раттой, стæй сын ахуырадмæ бацæуыны фæткы тыххæй хабæрттæ радзырдтой. Акцийы сæйраг хæс уыд ахуыргæнæндæтты райсинаг дæсныйæдтимæ фидæны абитуриентты базонгæ кæнын.



Астæуккаг профессион ахуыргæнæндæттæм ахуырад райсынмæ цæуæг фæсивæды нымæц фылдæр кæй кæны, уый дзурæг у профориентацион куысты ахадындзинадыл. Кусæг дæсныйæдтæ райсæг адæм куыст æнцонæй ссарынц. Дæсны специалистты цæттæгæнæг нæ техникумтæ æмæ колледжтæ нырыккон ахуырадон программætæй пайда кæнынц. Ахуырдзау фæсивæдæй бирæтæ ахуыры рæстæг дæр кусын райдайынц. Фидæны дæсныйад æвзаргæйæ, лæппутæ æмæ чызджытæ цæмæй ма фæрæдийой, ахуыргæнæджы хæс у уымæн ахъаз кæнын. Амынд дзыллон мадзæлттæ дарддæр арæзт цæудзысты.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

# Æнæмæлгæ полкъ






ЛАЗАРТЫ Григори



ЛАЗАРТЫ Хъайсын



ЛАЗАРТЫ Газак



ЛАЗАРТЫ Алихан



ЛАЗАРТЫ Аслæнбег



ЛАЗАРТЫ Хасан



ЛАЗАРТЫ Хъазыбег



ЛАЗАРТЫ Адылджери



ЛАЗАРТЫ Константин



ЛАЗАРТЫ Умархан



ЛАЗАРТЫ Сослан



ЛАЗАРТЫ Налыхъ

Газеткæсджытæ фæрсынц

# Хуыцауы æртæ цæссыджы

**Нарты кадджыты Батрадзы зæдтæ æмæ дауджытæ, Хуыцауы зондæй, Хуры æххуысæй Хæзмы быдыры куы амардтой, уæд сын уæларв Софиайы зæппадзмæ бахæссын мардæй дæр нæ куымдта: сæр размæ-иу æй куы фæцæйхастой, уæд-иу йæ рæмбынкъæдзтæ ныббыцæу кодта зæппадзы дуармæ, йæ къæхтæ размæйæ та — йæ къæхтæ. Зæдтæ æмæ дауджытæ хъуыддаг Хуыцауæн куы радзырдтой, уæд сын уый загъта:**

**– Уый мæнæй лæвар агуры.**

**Æмæ йыл æртæ цæссыджы æрæппæрста Хуыцау. Уыйадыл зæдтæ æмæ дауджытæн Батрадз Софиайы зæппадзмæ бахæссын бакуымдта, æмæ йæ уым бавæрдтой. Хуыцауы æртæ цæссыджы та кæм æрхаудтой, уым фестади æртæ кувæндоны: Таранджелос, Мыкалгабыртæ æмæ Реком. Таранджелос ис Тырсыгомы, Мыкалгабыртæ — Уæлладжыры, Реком та — Цъæйы.**








# Сафайы рæхыс – Къонайы рæхыс

Ирон адæмы фыдæлтæ кæддæр артмæ куывтой, æмæ цыдæриддæр артимæ баст ис, уый сын табуйаг уыд. Уæлдай тынгдæр та Къонайы рæхыс — Сафайы конд рæхыс. Хохаг алы хæдзары дæр уыд артдзæст, йæ сæрмæ та — уæларты рæхыс. Зындгонд куырдты арæзт рæхыстæ. Фæлæ дзы уыдис ахæмтæ дæр, адæм уæларвæй Сафайæ рауадзгæ рæхыстæ кæй хуыдтой. Ахæм рæхыстæ-иу цы бинонтæм, хæдзарвæндагмæ, хъæубæстæм уыдис, уыдон сæхи стыр амондджын хуыдтой. Ныр дæр ма сæ хæхбæсты бирæ бинонтæ сæ къонайы сæрæй нæ рафтыдтой, быдырмæ чи ралыгъд, уыдон сæ бæрæг ран сауыгътой кæнæ арф бафснайдтой æмæ сæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнынц.

Сафайы рæхысы стыр фарн ис. Ног чындз-иу хæдзармæ куы бакъахдзæф кодта, уæд æй къухылхæцæг хъуамæ æртæ хатты æрзилын кодтаид йæ алыварс, нæлгоймаг-иу сомы кæнæ ард куы хордта, уæд-иу, æнæмæнг, хъуамæ бавнæлдтаид Къонайы рæхысмæ, æцæгæлон-иу бинонтыл йæхи куы фæдзæхста, уыйиу Къонайы рæхыс йæ хъуырыл атыхта, æмæ йын уыдоны æвастæй знаггад ничиуал ракодтаид. Бинонтæй-иу нæлгоймаг куы нал баззад, уæд-иу сæ чызджыты хистæр сæ Къонайы рæхыс йе 'фцæгыл æрæфтыдта.

Афтæ бакодта Хетæгкаты Олгъа, йæ намысджын иунæг æфсымæр Къоста куы амард, уæд. Æлгъыстæн баззад: «Дæ рæхыс де 'фцæгыл ахæсс!»



Сафайы рæхыс — Къонайы рæхыс адавын, æддæмæ раппарын мæлæтæй карздæр уыд. Худинаг уыд æппæт хæдзарвæндагæн, тæссаг — уыцы ми чи кодта, уымæн. Æфхæрдты Хæсанæйы мад Госæма йæ фыртæн йæ фыды марджыты тыххæй куы дзуры, уæд уæлдай тынгдæр тыхсы, сæ Къонайы рæхыс сын кæй рафтыдтой æмæ йæ фаджысмæ кæй аппæрстой, ууыл. Амарынæй, Къонайы рæхыс æддæмæ раппарынæй — фæчъизи йæ кæнынæй кæцы карздæр уыд, уый нæ хицæн кодта ирон адæймаг.

# Дзыккакъах

**Дзыккакъах — фырты райгуырдмæ бæлгæйæ, мадæлтæ куывтой Мады зæдмæ, Мады-Майрæммæ, фыдæлтæ — Фыры дзуармæ. Сæ кувын хъуырыцъарæй уыд æмæ ныр дæр вæййы, фæд-фæдыл чызджытæ кæмæн фæгуыры, уыцы чындзæн, йæ бинонтæн, йæ цæгатæн. Æмæ та йын чызг куы райгуыры, уæд ма сæ маст суадзынц ноггуырдæн ахæм арфæйæ: «Дæ къах дзыккайы тъыст фæуæд!» Чызджы цæгатæн та: «Иннæ хатт кæхц хæсджын куыд фæуат, уый уын Хуыцауы цæст бауарзæд!»**



**Кæхцгæнæнты раздæр æмæ ныр дæр, чызджы фæстæ лæппу кæмæ райгуыры, уыцы бинонтæ сфыцынц дзыкка, къусы йæ æруазал кæнынц, стæй дзы, фынгыл хистæртæ æртæ чъирийæ куы скувынц, уæд, фырты размæ цы чызг райгуырд, уый къахвæд сисынц. Куы райгуырд, уæд ын цæмæ фæкуывтой, уый — «Дæ къах дзыккайы тылд фæуæд» — сæххæст кæнынц. Ахæм чызджы хонынц «дзыккакъах».**

# Дон – кæстæрæй

Ирон адæммæ хистæр кадджын у, æгъдауы бæрзонд æвæрд у. Уый фæрсынц зондæй, фæлтæрддзинадæй, уый нымайынц, уый æрхъуыды кæнынц фыццагдæр алы хъуыддаджы дæр. Æрмæст нæм дон нуазгæ у кæстæрæй. Цæмæн? Уый фæдыл ис ахæм таурæгъ. Кæддæр, дам, дард балцы цæуæг ирон адæмы иу къорд тыгъд быдыры бирæ рæстæг фæцыдысты. Бафæлладысты, бастадысты, фæлæ фылдæр сфæлмæцыдысты æнæ донæй. Хус быдыры нæ мæсчъы донал сæмбæлдысты, нæ — суадоныл, нæ – цъайыл, æмæ дойныйæ сæ хъару батад, сæ ныфс асаст. Зæрондæй-ногæй, стырæй-чысылæй дзой-дзойгæнгæ цыдысты, хылдысты размæ. Кæдæм уыд сæ балц, уый сæ рох дæр фæци, æрмæст ма агуырдтой дон нуазынмæ.

Æмæ иуахæмы бахæццæ сты фæндаггæрон зæронд цъайmæ. Дон дзы систой æмæ йыл фæхæлоф кодтой. Уыцы рæстæг сæ айрох уæрдоны сæ чысыл æртæаздзыд саби. Уый сæ дон нуазгæ куы федта, уæд ноджы смондаг æмæ сæм йæ гыццыл къухтæ бæргæ тылдта, сдзурын йæ бон нал уыд, фæлæ йæ ничи бафиппайдта. Сæ зæрдыл куы æрлæууыд, уæд ма йæм дон бæргæ баскъæфтой, фæлæ уый уæдмæ йæ уд систа. Адæм куыддæр фергъуыйау сты, сæ дойны кæй суагътой, уый æхсызгондзинад дæр сын æрбайсæфт. Бирæ фæфæсмон кодтой, фæмæт кодтой, стæй рахастой ахæм фæнд: «Абонæй фæстæмæ дон нуазгæ уæд кæстæрæй, цæмæй ахæм бæллæх макæуыл уал æрцæуа!»



Уыцы хъуыды ахæлиу æппæт ирон адæмыл, æмæ нæм дон нуазгæ у кæстæрæй.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби,**
*йæ чиныг «Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат»-æй*

Ахуыргонды хъуыды

# Цорæты Зауыр: идеологи æмæ национ хиæмбарынад

**ЦОРÆТЫ Зауыр – философон наукæты доктор, профессор. Мæскуыйы Ломоносовы номыл университеты философион факультеты аспирантурæйы рауагъдон, уым бахъахъхъæдта философон наукæты кандидаты, Бетъырбухы университеты та – философон наукæты докторы ном. Ахуыргонды зонадон куыст баст у, миф æмæ эпос, куыд фæзындтæ æмæ æнкъарынад социокультурон архайды Нарты кадджыты æрмæджыты бындурыл æмæ Цæгат Кавказы цивилизацийы рæзты историимæ. Газет «Рæстдзинад» цы æрмæг бацæттæ кодта, уым йæ ныхас у ирон адæмы национ хиæмбарынады фæдыл.**

Куыд кæнын, уый ма фæзм, цы дзурын, уый кæн – уыцы принципыл чи цæры, уыдон идеологтæ сты. Идеологи та национ хиæмбарынадимæ баст у. Иумæйаг национ идеологи кæм нæй, уый зыны адæмы культурон тыгъдадыл. Адæймагæн æнæ идеологи цæрæн нæй, адæмыхаттæн та – æнæ национ хиæмбарынадæй. Абон цы хæст цæуы, уый у цивилизациты 'хсæн ныхмæлæуддзинад. Стыр къуыхцытæ æрцыд нæ паддзахады идеологион фарстайы, не 'хсæнады ма æрцæуой, уый нал фæнды адæмы.



– Хетæгкаты Къоста цы рæстæг цард, уæдæй абонмæ, фыццаджыдæр, уый райдыдта дзурын адæмы хиæмбарынады фæдыл. Йæхиуыл æй банкъардта, йæ амæлæтæй рацыд 119 азы. Цы историон цаутæ 'рцыд уæдæй (Фыццаг дунеон, граждайнаг æмæ Дыккаг дунеон хæстытæ), уым нæ адæмæй (ирæттæй) бирæтæ фæхъуыд. Уыдон та нæ национ культурæ æмæ традицион хæзнатæ хæссæг уыдысты. Афтæ рауад, æмæ уæрæсейаг импери, стæй Советон Цæдисмæ интеграци тынг фæбæрæг сты нæ адæмыхатты хиæмбарынадыл. Уымæн ис йæхи объективон æмæ субъективон аххосæгтæ. Объективон – нæ истори, субъективон – адæмæн сæхи аххос. Не 'мбарынц, не 'нкъарынц, кæдæм цæуæм, уый. Не 'мбарынц, цæмæн хъæуы национ хиæмбарынад, ныхас цæуыл цæуы, цæмæ хъæуы æмæ йе сног кæнын куыд ахсджиаг у. Уыцы хабæрттыл канд теорион æгъдауæй нæ кусын, фæлæ практикон æгъдауæй дæр. Сног кæнын хъæуы нæ дин, уырнынад, нырыккон царды æмвæзадмæ куыд схиза. Бирæтæ йæ не 'мбарынц, суанг ма афтæ дæр фехъусæн ис, махмæ ницы уырнынад ис, суанг йæ хæдзары æртæ чъирийы чи кувы, уыдонæй дæр. Фæлæ не 'мбарынц, цы диссаджы дин нæм ис, уый ахадындзинад адæмы хиæмбарынады хъуыддаджы. Куы сæ бафæрсай, уæдæ цæмæн кувыс Хуыцаумæ, уæд сæ дзуапп вæййы, уый нæ адæмы традици у. Йæ мидис та сын æмбæрстгонд нæу.

Хъуыды ма кæнын, 2010 азы уыдтæн, историктæ, филологтæ кæм архайдтой, уыцы конференцийы. Ныхас дзы цыд динимæ баст æгъдæуттыл. Разынд дзы ахæм ахуыргæндтæ дæр, уыдæттыл цæмæн хъæуы хъуыды кæнын чи дзырдта, цард куыд цæуы, афтæ цæуæд, зæгъгæ. Адæмты хиæмбарынады иу хай дин у, æмæ алы адæмыхатт дæр уыимæ баст хъуыддæгтыл хæст куынæуал уа, уæд сæфы сæ хиæмбарынад дæр. Чи цыфæнды куы дзура, уæддæр дин у хиæмбарынады сæйрагдæр хай. Алы адæмыхатмæ дæр ис сæхи национ уæлæдарæс, национ хæринæгтæ, удысконд цæмæй рабæрæг вæййы. Немыцаг географ æмæ натуралист Вильгельм Гумбольдты хъуыдымæ гæсгæ, æвзаг адæмы уд у. Фæлæ йæ апп та у дин æмæ адæймаджы дунемæкаст, хъахъхъæд дзы æрцыдысты мингай азты традицитæ. Кæд нæ фæнды нæ национ хиæмбарынад бахъахъхъæнын, уæд уый нæ бон бауыдзæн дины руаджы.

Цард ивгæ цæуы, ивынц йæ формæтæ. Ресторанты кæнынц чындзæхсæвтæ, хатт хистытæ дæр. Нырыккон цард йæхи кæнонтæ кæны горæты мидæг, хъæуты ма уæддæр сæ бахъахъхъæнынысл хæст сты. Хъæубæстæ кæрæдзи зонынц, кæрæдзийæн æгъдау дæттынц. Горæты афтæ нæу, астæуккаг æнусты аланты цардысты нырыккон хъæуы йас горæтты. Нæ горæт бирæнацион у, йæ астæу ис аргъуантæ, мæзджыт. Кувæндон – нæй. Адæмы фылдæр хайæн хорз уаид Нарты кадджытæм байхъусын, цæуыл дзы цæуы дзырд, ууыл ныхас кæнын, ирон музыкæмæ хъусын, зарын æмæ кафын, гæнæн – амалæй дзы дæхæдæг дæр куыд архайай. Ис нæм паддзахадон æмæ хихъæппæрисадон къордтæ, фæлæ уым хореографийы æмвæзад у разæй æвæрд. Дæхæдæг куы архайай кафын æмæ зарын, уæд уыцы хъуыддаг дæр адæймаджы фæхæстæгдæр кæны национ хиæмбарынадмæ. Æркæсæм ма, дунеон хореографийы хæзнадонмæ чи бацыд, уыцы, «Симд»-мæ. Æрвон, ритуалон кафт у, адæмы удыхъæд æвдисæг.

Бетъырбухаг актер æмæ режиссер Бутаты Константин Дыгургомы иста йæ фæстагдæр кинонывтæй иу, «Солнечный ветер», æмæ йын, йæ ныхæстæм гæсгæ, зын уыд, кадры хъуамæ чи фæзындаид, ахæм адæм равзарын… Нæ цардæй фесæфт, ирон адæймаджы иннæты 'хсæн цæмæй ис рахатæн, уый. Сног кæнын хъæуы национ уырнынадимæ баст хъуыддæгтæ. Æппæт сног кæнæн нæй, чи зоны, уый хъæугæ дæр нæ кæны, фæлæ нæ ирондзинадæн ис фæстæмæ раздахæн. Аргъуаны сауджыны динамынд кæсæгау хъæуы Нарты кадджытæ кæсын. Сбад, æмæ сæ сывæллонæн, фæсивæдæн амынддзинæдтимæ сындæггай кæс, цæмæй сæ туджы ахизой. Хъуыдыйад бакастæ – бамбарын сын æй кæн, хонынц æй герменистикон бакаст. Наукæйы бирæ ис уыдæттыл дзурæг æрмæджытæ, кусын хъæуы семæ, кусгæ дæр сыл кæнынц, фæлæ сæ цы системæ æрбангом кæна, ахæм тыхтæ нæй, хъæугæ та кæнынц. Уымæн хъæуы бæлвырд цæстдард паддзахады 'рдыгæй.

Нæ этнос хъахъхъæд цæмæй æрцæуа æмæ историйы фæлмы ма фесæфа, ууыл архайынмæ йæ гæнæнтæ кæмæн амоныц, ахæм бонджын адæймæгтæ дæр нæм ис. Къоста ирон эпос хорз зыдта æмæ æмбæрста, ууыл дзурæг у йæ «Особа». Адæмы дунемæкаст аивта, зын у йæ раздахын. Ахуырады, хъомылады системæ рæвдауæндæттæ, скъолатæ, бинонтæ, æхсæнадон æмæ дины организациты фæрцы ма йæ фыццаг уагмæ раздахын къухы бафтдзæн. Æнæ дины хъомыладæй адæмыхатты удысконд нæй бахъахъхъæнæн, уæд æвзаг дæр æндæр хъуыдыхæссæг уыдзæн. Нарты кадджытæй аив фæлыст нывтимæ цы чингуытæ ис, уыдонимæ сывæллон йæ чысылæй хъуамæ райдайа зонгæ кæнын. Йæ рæстæджы Гуытъиаты Хъазыбег бакуыста фондз томæй сæ рауадзыныл. Уыдонæй хъæуы спайда кæнын, уырыссаг æвзагæй тæлмацгондæй бирæтæ раст информаци нæ хæссынц. Афтæ, Æфсати ирон мифологийы бардуаг у, фыст та у, цыма Хуыцау у, – йæ хъуыдытæ нын халы ахуыргонд.

Сагъæсгæнгæ дзырдта, нæхицæн аргъ кæй нал кæнæм, уый тыххæй. Иу англисаг нæм куы 'рцæуид, зæгъы, уæд, нæ уынгты фæйнæджытыл фыстытæм кæсгæйæ, йæхицæй ныббуц уаид æмæ зæгъид, цы разагъды адæм стæм, куыд нæ фæзмынц! Цæуылнæ зонæм нæхицæн цыт кæнын, кæцæй йæ райсæм? Уый национализм нæу, фæлæ у адæмыхаттæн цыты, хиæмбарынады фарста. Æмæ нæм кæд абоны онг æрхæццæ сты нæ традицитæ, уæд уый ууыл дзурæг у, æмæ сын мах дæр аргъ кæнæм. Цы нын нæ фаг кæны, уый та – нæхицæн аргъ кæнын!

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**
**авторы ист къам**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Куыст æмæ цардыл – æнувыд

**Рагон къамтæ дзурæг сты рагон цардыл, мах «нæ рæстæг» кæй хуыдтам, ууыл. Мæнæ та æз дæр бавнæлдтон къамты альбоммæ æмæ дзы систон, советон рæстæджы политикон ахуырты цы къам систам, уый.**

Кæсын æм æмæ сын сæ фылдæры нал базыдтон, сæ иутæ цардæй ахицæн сты, иннæтæ не 'хсæн цæрынц. Ахъуыды кæн, уæд ацы фæсивæд æнувыд уыдысты цардыл, фæллойгæнæг адæмæн æмбарын кодтой парти æмæ разамынды уынаффæтæ, сæ фарстытæн сын дзуаппытæ лæвæрдтой.



Уæд хæдзарæдтæ æмæ куыстуæтты хуымæтæджы нæ куыстой, фæлæ алкæй бон дæр уыд фæллойы хъазуатоны ном райсын. Куысты бæрæггæнæнтæ кæддæриддæр хыгъд цыдысты, чи-иу фесгуыхт, уыдоны кадæн-иу бæрзонд систой намысы сырх тырыса. Хъуагдзинæдтæ дæр куыд нæ уыд, æмæ-иу сæ уайтагъд иуварс кæнынмæ февнæлдтой.

Фыдæбонгæнæг хорзæхджын цыд йæ æнтыстыты тыххæй, иумæйаг æмбырд-иу сарæзтой æмæ кæм æхцайы преми лæвæрдтой, кæм Кады фæйнæгыл кусæджы къам ауыгътой. Уыдæттæ кады нысантæ уыдысты. Республикæйы партийы обкомы кусджытæ сæ дæлхайæдты специалисттæн арæх кодтой политикон ахуыртæ, фæллойгæнæджы цы хуызы ис сразæнгард кæнæн ноджы бæрзонддæр æнтыстытæм, уыдæттæ сын амыдтой. Адæмы цард дæр хуыздæр кодта.

Мæнæ ацы ахуыртæ куы фесты, уæд иумæ нæ къам систам. Тынг лæмбынæг лекцитæ нын бакаст Сотаты Науырыз. Уæд нæм иу бон ахуыртæм æрбацыдысты журналисттæ Андиаты Мæхæмæт æмæ Дзампаты Мæирбег. Бæстон радзырдтой, газет «Рæстдзинад» фæллойыл куыд ахады, уый тыххæй. Мах фембæлдæй разыйæ баззадыстæм. Галиуæрдыгæй рахизæрдæм нымæйгæйæ, фыццаг рæнхъы лæууы ацы æрмæджы автор, уæд куыстон фосхæссæн совхозы партион организацийы нымæрдарæй.

Мæхицæн хæсыл банымадтон ацы къам газет «Рæстдзинад»-мæ арвитын, фæнды мæ, цæмæй йæ газеткæсджытæ феной. Хъуамæ къамы базоной сæ хиуæтты, уадз æмæ сыл фæцин кæной. Æхсызгон сын уыдзæн.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Кæрдзыны хъæу**

## Спортивон фидиуæг



Футбол

# Сочимæ балц нæ фæрæстмæ

**Уæрæсейы Фыццаг къорды футболон чемпионат хæстæгæй хæстæгдæр кæны йæ кæронмæ. Ивгъуыд сабат æмæ хуыцаубоны командæтæ акодтой 29-æм туры хъæзтытæ. Дзæуджыхъæуы ФК «Алани»-йæн 20 апрелы йæ ныхмæлæууæг уыди, чемпионаты призон бынатмæ рацæуынмæ чи тырны, уыцы командæтæй иу – «Сочи».**



Фембæлд цыди уазæгуаты Сочийы стадионы. «Алани» абон цы турнирон уавæры ис, уый йæ домы алы фембæлды дæр æрмæстдæр уæлахизмæ тырнын. Уый афтæ у, фæлæ, нæ командæйы фылдæр æмбис хæрзæрыгон лæппутæ кæй сты æмæ сын фæлтæрддзинад кæй нæ фаг кæны, уый фæзынд «Сочи»-имæ фембæлды дæр.

ФК «Алани»-йы рæнхъыты фæзмæ рацыдысты: №23 – Георги Натабашвили, №76 – Виктор Нафиков (73' – Дауыраты Руслан), №9 – Артем Закиров, №19 – Бутаты Аллон, №95 – Гогниты Спартак (кæстæр) (61' – Тобойты Таймураз), №12 – Даниил Казанцев, №4 – Хъæцмæзты Сослан, №21 – Кодзырты Артур (78' –Дудайты Инал), №8 – Хуыгаты Алан (78' – Дзестелты Майрæм), №79 – Чертыхъоты Дато (73' – Леван Тавзарашвили), №73 – Макар Чирков.

Хъазт райдыдта «Сочи»-йы ныббырстытæй. Пурти зынгæ фылдæр уыди фысымтæм, æмæ уыдон фæндæгтæ агуырдтой алайнæгты дуармæ баирвæзынмæ. Сочийæгтæ цалдæр хатты тæссаг уавæртæ сарæзтой уазджыты иварон фæзы, фæлæ уыдоны хъахъхъæнджытæ æмæ дуаргæс Георги Натабашвили 32-æм минуты онг сарæхстысты пурти «Алани»-йы дуары ма бауадзынмæ.

32'-æм минутыл сочийæгтæ размæ куы бабырстой, уæд сæ хъазæг Набиль Авердин 18 метры дæрддзæфæй пурти уазджыты дуары фæмидæг кодта. «Сочи» размæ рацыд 1:0-æй, æмæ хъазты фыццаг æмбис (тайм) фæци ахæм хыгъдимæ.

Дыккаг таймы алайнæгтæ афæлвæрдтой сæ архайд фæцырддæр кæнынил. Цалдæр хатты абырсæгау кодтой размæ, фæлæ сын фысимты дуармæ хæстæг бабырсын нæ бантыст. Уыцы ныббырстыты нæ командæйæн нæ фаг кодта фæлтæрддзинад, æмæ та-иу сын сæ рæдыдæй спайда кодтой сочийæгтæ. Афтæ 50'-æм минутыл фысимтæ ацарæзтой æвиппайды ныббырст. Сæ размæбырсæг алайнæгты хъахъхъæнджыты йæ фæстæ фæуагъта æмæ дуаргæс Георги Натабашвилимæ ныхæй-ныхмæ баирвæзт. Ахæм тæссаг уавæры Георги фæцарæхст пурти дуары ма бауадзынмæ.

Георги уымæй дыууæ минуты фæстæ ноджыдæр иу хатт хорз фæцарæхст пурти хызмæ ма бауадзынмæ, фæлæ 60'-æм минутыл фысимты размæбырсæг Артем Макарчукы цæфæй йæ дуар бахъахъхъæнын уый дæр нал фæцарæхст. Хыгъд ссис 2:0 «Сочи»-йы пайдайæн. Алайнæгтæ бæргæ агуырдтой мадзæлттæ хыгъд аивынмæ, фæлæ та сыл æрцыд ног цæф. 66'-æм минутыл тæрхонгæнæг фæивар кодта «Алани»-йы хъазæг Макар Чирковы, æмæ уазджытæ баззадысты иу хъазæг къаддæрæй.

Ахæм уавæры «Сочи»-йы хъазджытæ ноджы тынгдæр атындзыдтой размæ, æмæ та 71'-æм минутыл сæ хъазæг Максим Кайновы цæфы фæстæ хыгъд ссис 3:0. Фысымтæ ууыл дæр нæ ныллæууыдысты æмæ, хъазты рæстæгмæ тæрхонгæнæг цы фондз минуты бафтыдта, уыдонæй 90'+4' минутыл сæ размæбырсæг Павел Милешин хыгъд скодта 4:0.

Ахæм æнкъард рауад «Алани»-йы балц Сочимæ. Нæ командæйы уавæр сæ хæрзтæй рагæй нал уыд, фæлæ ныр у ноджы тæссагдæр дæлдæр къордмæ рахауынæй. Чемпионаты кæронмæ цы фондз хъазты баззад, уыдонæй аразгæ уыдзæн йæ хъысмæт. Уыцы фондз фембæлдæй æппынкъаддæр æртæйы хъæуы фæуæлахиз уæвын. Нæ командæйы иузæрдион фарсхæцджытæ сидынц нæ футболисттæм, цæмæй сæ ныфс ма асæтта æмæ се 'ппæт тыхтæй дæр бацархайой Фыццаг къорды баззайынил.

ФК «Алани» йæ радон, 30-æм туры фембæлд акæндзæн Мæскуыйы «Торпедо»-имæ 26 апрелы, Грознайы Султан Билимхановы номыл стадионы.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Балтика | 29 | 17 | 9 | 2 | 45-15 | 63 |
| 2. Черноморец | 29 | 15 | 6 | 8 | 43-32 | 51 |
| 3. Торпедо Мæскуы | 28 | 13 | 12 | 3 | 42-21 | 51 |
| 4. Сочи | 29 | 14 | 8 | 7 | 46-29 | 50 |
| 5. Урал | 29 | 13 | 10 | 5 | 38-26 | 49 |
| 6. СКА-Хабаровск | 29 | 12 | 8 | 9 | 35-35 | 44 |
| 7. Родина | 29 | 10 | 11 | 8 | 31-25 | 41 |
| 8. Ротор | 29 | 9 | 13 | 7 | 24-22 | 40 |
| 9. Енисей | 29 | 11 | 6 | 12 | 28-31 | 39 |
| 10. Арсенал Т | 29 | 7 | 15 | 7 | 21-22 | 36 |
| 11. Шинник | 29 | 8 | 11 | 8 | 22-28 | 35 |
| 12. Чайка | 29 | 7 | 13 | 9 | 29-36 | 34 |
| 13. Нефтехимик | 29 | 8 | 10 | 11 | 28-31 | 34 |
| 14. КамАЗ | 29 | 9 | 6 | 14 | 27-27 | 33 |
| 15. Уфа | 29 | 6 | 8 | 15 | 26-44 | 26 |
| **16. Алани** | **29** | **5** | **8** | **16** | **17-39** | **23** |
| 17. Сокол | 29 | 4 | 11 | 14 | 17-37 | 23 |
| 18. Тюмень | 29 | 6 | 5 | 18 | 24-43 | 23 |

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Патриотон хъомылад

# Æвзонг фæлтæрæн баххуысæн

**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы азы кадæн, стæй культурон хæзнатæ бахъахъхъæнынæн Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады кусджытæ фæндагыл цыды æвзонг инспектортимæ иумæ Алагиры стадион «Спартак»-ы сарæзтой дзыллон-патриотон мадзал.**



Стадионмæ æрбацæуæг адæмы 'хсæн уыдысты амынд хайады хицауы хæдивæг, пъæлицæйы майор Гусалты Зауырбег, кæстæр инспектор-кинолог, пъæлицæйы сержант Æфсæрæгаты Чермен, Цæгат Ирыстоны сгуыхт журналисткæ Татьянæ Байбородова æмæ æндæртæ.

Раныхасгæнджытæ – районы администрацийы разамонæджы хæстæ æххæстгæнæг Гозымты Раман, цæгатирыстойнаг арæнхъахъхъæнæг управленийы Ветеранты советы сæрдар Валерий Устинов æмæ иннæтæ – се 'ргом аздæхтой рæзгæ фæлтæры патриотон хъомыладмæ.

Уæрæсейы Тæрхон æххæстгæнæг æмæ Æдасдзинады федералон службæты цæгатирыстойнаг управленити кусджытæ службæйы хæстæ æххæст кæнынмæ арæхстдзинад равдыстой. Сæрмагондæй ахуыргонд куыйтæ æмбæхст хæцæнгарз куыд агурынц æмæ фыдгæнджыты куыд уромынц, уый адæм федтой дæсны кинологты фæрцы. Уæрæсейаг æфсад ифтонггонд цæмæй у, уыцы нырыккон хæцæнгæрзтимæ патриотон мадзалы архайджыты базонгæ кодтой. Æрбацæуæг адæмы суазæг кодтой дзидзаимæ салдатон сауфагæ касæй, хæдахуыр артистты къорд «Арæн»-ы уæнгтæ та акодтой патриотон зарджытæ. Рæзгæ фæлтæры хъомыладæн ахъазгæнæг дзыллон мадзалы æдæппæт архайдтой цыппарсæдæ адæймаджы бæрц.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

### Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы Президиумы СИДТ

### Ирыстоны мыггæгтæ, змæлды уæнгтæ æмæ æппæт цæрджытæм




**Нæ цытджын æмбæстонтæ!**

Ацы аз 9 Майы Фыдыбæстæйы Стыр тугкалæн хæсты Уæлахизыл æххæст кæны 80 азы.

Рагæй-æрæгмæ дæр нæ бæстæйы знæгтæ архайдтой историон æцæгдзинæдтæ сæхи 'рдыгонау рафыссынил, ССР Цæдис æмæ йæ адæмты Стыр Уæлахизы нысаниуæг дæлæмæ 'ркæнынил. Уыимæ мах никуы сразы уыдзыстæм æмæ нæ ферох кæндзыстæм, цы ахадындзинад уыд уыцы Уæлахизæн æмæ цы стыр зианты фæрцы бафтыд нæ фыдæлты къухы.

Æрмæст Ирыстонæй райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ ацыд нæуæдз фондз мин адæймагæй фылдæр, æмæ дзы фæстæмæ цыппор фондз мин хæстоны нал æрыздæхтысты. Уыдонæн сæ рухс ном мысгæйæ æмæ сын сæ хъайтардзинадæн аргъ кæнгæйæ, мах хъуамæ хæццæ кæнæм рæзгæ фæлтæртæм нæ намысджын хистæрты Стыр Уæлахизы æцæгдзинад!

«Аланты Ныхас»-ы Президиум сиды Ирыстоны мыггæгты Ныхастæм, не змæлды уæнгтæм, Ирыстоны æппæт цæрджытæм, цæмæй ацы бонты не 'ргом раздахæм, фыццаджыдæр, æгас ма чи у, уыцы ветерантæн балæггад кæнынмæ. Уымæй уæлдай ма алы хъæуы, алы районы, Дзæуджыхъæу æмæ иннæ горæтты зæрдиагæй базилæм хæстонты цыртдзæвæнтæм.

Нæ хæсыл банымайæм æмбæлгæ уагыл бацархайын Стыр Уæлахизы 80 азы фæдыл кады мадзæлтты: акци «Æнæмæлгæ полкъ», «Æрбакæсут-ма сын сæ цæстытæм», цыртдзæвæнтæ дидинджытæй саив кæнынил.

Уый у не стыр хæс, мах сæраппонд йæ цард чи ратта, уыдоны раз.

## Историйы сыфтæ

# Дардмæ-иу бæрзонд ранæй зынди...

**Дзæуджыхъæуæй Æрджынарæгыл-иу куы фæцæйцыдыстæм Елхотмæ, уæд-иу, галиуварсырдыгæй Змейкæйы хъæды цъуппыл цы лæгъз нæуварс уыдис, уым кæддæриддæр уыд салдæтты сармадзан æвæрд, халсартæгуыстгæнæн бригады цы стыр быдыртæ уыд, уыдон хъахъхъæдтой ихуардæй.**



**Сау мигъæ-иу быдыры сæрмæ куы æрбатыгуыр сты, уæд сæ-иу æхсын райдыдтой, цæмæй ихкъæвдатæ ма разнаггад кодтаиккой, æмæ адæмы фыдæбон, сæ къухвæллой дзæгъæлы ма фæуыдаид.**

**Уымæй уæлдай, уыцы нæуварсыл салдæттæ скодтой дзыллæты фæтæг, Ленины ныв, æмæ-иу дардмæ, бæрзонд ранæй аивæй зынд.**

**Æниу, æрдз йæхæдæг æвæджиауы рæсугъд у, фæлæ ма йæм исты дæсны адæймаг дæр йæ бирæвæрсыг авналæнтæ æмæ фадæттæй хъуамæ йæ хай хæсса!**

## Цæрды фæзилæнтæ

# Йæ ном æмæ йæ кад йæ разæй цыдысты

**Тынг æхсызгонæй кæсын мæ уарзон газет «Рæстдзинад», нæ республикæ æмæ бæстæйы цаутæй рахизгæйæ ма, хуымæтæг адæмы тыххæй дæр кæй фыссут, уый тыххæй та уæлдай бузныг дæн редакцийы коллективæй. Мæн дæр фæнды газеткæсæгæн мæ зынаргъ зæрдæхæлар нана Дыгъуызты-Мæхъиты Нушкъийы цардвæндаджы тыххæй радзурын.**



Хъæубæсты йæ хуыдтой «нæ иумæйаг мад», йæ ном, йæ кад йæ разæй цыдысты. Хохаг хъæутæ куыд дæрддзæф вæййынц кæрæдзимæ, уый алчидæр зоны, æмæ-иу искæцы хъæуæй адæймаг нæ хъæумæ куы 'рбафтыд, уæд-иу æй нана хæдзармæ бахуыдта, йæ цæхх, йæ кæрдзын никуы никæмæн бахæлæг кодта. Уый фæстæ-иу мах хъæуккаг адæймаг куы бафтыд æндæр хъæутæм, уæд-иу сæ фыццаг фарст уыд, нана куыд у, рынчын, мыййаг, нæу, зæгъгæ. Нана уыд удфидар сылгоймаг. Дохтыр цы у, уый йæ амæлæты бонмæ дæр нæ зыдта. Кæрдæг дурты бын куы бакæнай, уæддæр æм хуры хъарм куы бахъара, уæд йæхи базмæлын кæны æмæ йæ хъуыддаг бакæны. Афтæ разыны, адæймагæн дæр йæ цард нывондгонд цæмæн уыдис, уый. Гъе, афтæ разынд йæ цард мæ нанайæн дæр.

Нана райгуырд Хуссар Ирыстоны Андореты хъæуы 1924 азы. Куы бахъомыл, уæд кусын райдыдта бынæттон хъæуы колхозы, цыд хос ссивынмæ. Цы куыст кæнын хъуыд колхозы – алцæмæ дæр рæвдз уыд. Фæлæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр тугкалæн хæст. Сæ хъæуы цы нæлгоймæгтæ уыд, уыдонæн сæ фылдæр акодтой фронтмæ, баззадысты сылгоймæгтæ æмæ зæрæдтæ. Нана йæ цахъхъæн фæсивæдимæ скодта къорд, æмæ хъæзуатонæй куыстой иумæйаг хæдзарады. Фæскуыст-иу нана скодта æмбырд æмæ-иу бауынаффæ кодтой, райсом фыццаг цæмæ бавналдзысты, уый тыххæй. Кодтой æхсæвбадæнтæ, быдтой алыхуызон хъарм дзаумæттæ æмæ сæ æрвыстой хæстмæ.

Афтæ фæкуыстой цыппар азы дæргъы, цалынмæ хæст фæци, уæдмæ.

Фæсхæст адæм райдыдтой здæхын сæ хæдзæрттæм. Нана уæдмæ чындздзон чызг ссис æмæ 1948 азы йæ амонд ссардта Отъреуы хъæуы хæстон Дыгъуызты Багратимæ. Ныр та Отъреуы хъæуы райдыдта йæ царды фæндаг. Баграт уыд хæсты инвалид, фæлæ нана цардьы зындзинæдтæй нæ фæтарст. Дунейы рухсмæ сын фæзынд аст сывæллоны – цыппар лæппуйы æмæ цыппар чызджы.

Мад æмæ фыды зæрдæ цы фæуарзы сæ цотæн? Цæмæй схъомыл уой æнæнизæй, адæмы 'хсæн уарзон æмæ кадджынæй. Багратæн йæ бон нæ уыди физикон куыст кæнын, фæлæ дардтой бирæ фос, цæмæй сæ цот мацы хъуаг баййафой. Бабайыл 60 азы куы сæххæст, уæд йæ цардæй ахицæн, йæ хæстон цæфтæ йыл æртыхстысты. Хæдзар иуылдæр нанайы бæрны баззад. Кæй зæгъын æй хъæуы, утæппæт бинонты хæссын æнцон нæ уыд, хæринаг, уæлæдарæс, уæдæ сæ скъоламæ дæр цæттæ кæнын дæр хъуыд.

Нана, Отъреуы цæргæйæ дæр, хъæзуатонæй куыста колхозты. Сайдæй никуы никæуыл рацыд. Тынг дæргъвæтин уыди йæ фæллойадон фæндаг, уыд раззагдæр кусджыты рæнхъы. Отъреуы сылгоймæгты 'хсæн бæрæг дардта, куыд дзурынц хъæубæсты адæм, афтæмæй дзы Нушкъийæн æмбал нæ уыд. Исты фынгæвæрд, йе чындзæхсæв кæнæ, зианы кæнд-иу куы уыдис, уæд-иу фыццаг нанамæ цыдысты фæрсынмæ, куыд хуыздæр бакæнæм, зæгъгæ. Йæ конд уæливыхтæ хицæн ад кодтой. Æз дæр, цалынмæ гуырдзиаг экстремисттæ нанайы Отъреуæй нæ расырдтой, уæдмæ алы сæрд дæр мæ ныййарджытæ æмæ хоимæ цыдыстæм уырдæм. Нана-иу нын дзадджын чъиритæ скодта, хæрынæй сæ адæймаг не 'фсæст. Стæй-иу алы райсом дæр нæ сыстадмæ пецы раз чысыл стъолыл æвæрд уыд æртæ уæливыхы, зивæг цы у, уый нæ зыдта. Иуыл-иу немæ дзырдта худгæ, амыдта нын цардьы хабæрттæ.

Диссагæн æй фæхæссынц абон дæр хъæуы цæрджытæ, Нушкъи, дам, æрмæст сымах мад нæ уыд, фæлæ ма уыд æнæхъæн комбæсты мад. Арæх-иу хъæуы сылгоймæгтæ æхсæвбадæн кодтой нанамæ, æмæ-иу цыма кадджын уазджытæ уыдысты, афтæ-иу сын балæггад кодта.

Афæдзæй-афæдзмæ йæ къæбицы бæркад никуы ницæмæй цух кодта. Гуырдзы ирон хъæутæ судзын куы байдыдтой, уæд Дæллаг Отъреуы адæм слыгъдысты Уæллаг Отъреумæ, æмæ нана суазæг кодта йæхимæ уыцы адæмы. Иу лæг дзы афтæ радзырдта: «Нушкъийы фæрцы, дам, баззадыстæм удæгасæй. Иуæй нын æхсæвиуат кодта йæ хæдзары, иннæмæй нæ хæрдцух нæ уагъта. Бон нын дыууæ, æртæ хатты кодта кæрдзын». Фæлæ уырдæм дæр гуырдзиæгтæ æрбабырстой, æмæ хъæдты сæхи æмбæхстой. Уый фæстæ сабыргай лыгъдысты Цæгат Ирыстонмæ, ардæм йæ цоты цурмæ æрцыд нана дæр.

Нана фæцард 96 азы, йæ фæстаг бонмæ дæр уыд йæ къæхтыл. Кæд цæрынхъуаг нал уыд, уæддæр ыл æнæхъæн хъæубæстæ ыл тынг фæхъыг кодтой, кæд Цæгат Ирыстоны алы хъæуты æрцардысты, уæддæр, Нушкъийы зианы хабар куы фехъуыстой, уæд æрцыдысты фæстаг фæндараст ын зæгъынмæ. Лæджы æмсæр, дам, уыд ацы хорз сылгоймаг, рухсаг уæд.

Нанайы цардьы хабæрттæ мын тынг зæрдиагæй фæдзырдтой хъæуы хистæр фæлтæры минæвæрттæ: Джиголаты Ваня, Дыгъуызты Къоли, Бибылты Руслан, Захар æмæ Вахтанг. Нана уыд чиныджы ныффыссыны аккаг сылгоймаг. Нæ хæдзары бинонтæ æмбарынц, йæ фæстæ сæ цард кæй фæзын уыдзæн, уый.

**ДЫГЪУЫЗТЫ Жаннæ**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ – 25-93-68, Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæ уа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3109. Заказ № 439. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**